



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-780

Sijè: ELÈV KI ABITE NAN LOJMAN TANPORÈ (STUDENTS IN TEMPORARY HOUSING, STH)

Kategori: ELÈV

Pibliye: madi jeudi 18 avril 2019

### REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifye ak ranplase Règleman Chanselye (*Chancellor's Regulation, CR*) A-780 ki gen dat lundi 29 juin 2009. Yo modifye règleman sa a pou adapte ak l' dispozisyon Lwa 2001 McKinney-Vento pou ede moun sanzabri (McKinney-Vento Homeless Assistance Act of 2001). Règleman sa a asire timoun ki pa gen kay pou rete resevwa pwogram ak sèvis ke timoun ki gen kay pou abite anpèmanans resevwa, tankou sèvis yo ofri dapre pwogram federal yo.

Chanjman:

- Li modifye regleman pou adapte ak novo kondisyon ki nan McKinney-Vento Homeless Assistance Act of 2001 ("McKinney-Vento"), jan Lwa 2015 ki rele Tout elèv reyisi (Every Student Succeeds Act of 2015, "ESSA") a modifye lila.
- Li revize definisyon timoun sanzabri lè yo retire timoun k ap tann yon fwaye akèy (foster care) ak yon plas ak lè li ajoute: timoun k ap viv nan abri pwovizwa pou tranzisyon (shelters) oswa pwogram kay pou viktims vyolans domestik ak timoun yo abandone nan lopital (Seksyon I.A);
- Li klarifye definisyon jèn ki pa gen akonpayman pou li gen ladan jèn k ap viv nan pwogram kay pou jèn ki sove kite kay paran yo ak jèn ki sanzabri, ak jèn k ap viv nan kay ak lòt jèn parèy yo (doubled-up conditions) san yon adilt k ap pran swen jèn lan (Seksyon I.C);
- Li revize definisyon paran pou l vin gen ladan ni paran byolojik ni paran adoptif, paran paalyans, responsab leta deziye, paran nan fwaye akèy ak moun ki gen lyen ak yon timoun (Seksyon I.C., nòt referans 2);
- Li revize definisyon "elèv" pou l vin gen ladan elèv preskolè (Seksyon I.B);
- Li revize definisyon "lekòl orijin" pou mete ladan yon lekòl preskolè ak lekòl yo endike k ap resevwa elèv la nan pwochen nivo klas nan lekòl orijin lan, si elèv la fini dènye klas lekòl orijin lan pandan li zanzabri (Seksyon I.D);
- Li klarifye definisyon Asistan fanmi (Seksyon I.F);
- Li klarifye definisyon lyezon pou elèv ki nan lojman tanporè ("STH") ak chanjman tit pòs sa a an "lyezon pou STH ki nan lekòl (School-Based STH Liaison)" (Seksyon I.G);
- Li ajoute definisyon Manadjè STH Rejyonal (Regional STH Manager) epi li dekri wòl li nan pwosesis resolisyon konfli a (Seksyon I.H. ak IV.B.2 ak 3);

- Li klarifye pou di estaf lekòl la dwe bay elèv sanzabri ak fanmi yo Gid Iwa McKinney Vento Act pou paran yo epi eksplike kote gid sa a disponib sou entènèt ak nan lekòl (Section II.C);
- Li chanje Kesyonè adrès ki nan Kesyonè lojman an; li egzije pou fanmi yo ranpli fòm sa a epi eksplike kote paran oswa jèn ka jwenn fòm lan (Seksyon II.E);
- Li di pou Komite sou edikasyon espesyal preskolè (Committees on Preschool Special Education, CPSE) pral bay fanmi timoun yo rekòmande pou evaylasyon edikasyon espesyal Kesyonè Lojman an, epi li pral egzije pou fanmi yo ranpli fòm sa a (seksyon II.F);
- Li di timoun ak jèn sanzabri yo dwe gen menm aksè nan men edikasyon gratis, tankou yon edikasyon preskolè leta, tankou lòt timoun timoun ak lòt jèn epi yo pa ka separe yo avèk anviwònman jeneral lekòl la; epi yo dwe pran yo nan lekòl menm si yo rate delè aplikasyon an oswa delè enskripsyon an pandan nenpòt peryòd yo pa gen kay pou rete a (seksyon III);
- Li di elèv sanzabri yo suiv menm pwosedi admisyon yo menm jan ak elèv ki gen kay anpèmanans yo, eksepte si yon elèv sanzabri pa gen dokiman ak dosye yo egzije nòmalman pou enskripsyon, yo dwe kanmenm pran elèv la imedyatman nan yon lekòl (Seksyon II.A.1.a (i));
- Li di yon elèv sanzabri ka rete nan lekòl orijin lan oswa li ka transfere nan yon nouvo lekòl kote li elijib pou ale dapre nouvo adrès la ak kote li satisfè kondisyon pou admisyon yo, lè sa aplikab (Seksyon III.A.1.a (ii));
- Li di yo pral sipoze lè yo kenbe timoun lan oswa jèn lan nan lekòl orijin lan se sa k ap pi bon pou timoun lan oswa jèn lan, eksepte si lè yo fè li depaman ak sa paran timoun lan mande, epi nan ka yon j ki san akonpayman, jèn lan (Seksyon III. A. I.1.a (ii));
- Li klarifye elèv sanzabri ka rete nan lekòl orijin yo ak ale nan lekòl ki pou sektè yo abite (zoned school), epi si pa gen zoned school ki egziste, yo ka ale nan yon lekòl ki apwopriye, si l ap pi bon pou yo, menm si yo demenaje nan Vil Nouyòk ak kontinye abite nan lojman tanporè (Seksyon III.A.1.a (ii));
- Li dekri faktè ki santre sou elèv yo dwe konsidere lè y ap deside sa ki pi bon pou elèv la (Seksyon III.A.1.a (iii));
- Li klarifye pwosesis rezolisyon konfli a ak pwosesis fòmèl pou fè apèl paran oswa jèn ki san akonpayman an ka itilize si DOE detèmine li pa nan pi bon enterè elèv la pou ale nan lekòl paran oswa jèn ki san akonpayman an mande a, epi li di pandan y ap tann nenpòt apèl, elèv la dwe ale nan lekòl kote paran oswa jèn ki san akonpayman an ap chèche rantre a, depi gen plas disponib epi elèv la satisfè kondisyon pou li elijib yo; epi yo dwe bay mwayen transpò (Seksyon III.A.1.a (iv), (v) ak (vi));
- Li di lekòl yo endike a dwe imedyatman pran timoun oswa jèn sanzabri a, depi gen plas disponib epi elèv la satisfè kondisyon pou li elijib yo, menm si timoun lan oswa jèn lan pa kapab bay dosye yo egzije nòmalman pou enskripsyon (Seksyon III.A.1.a (vi));
- Li klarifye pwosesis pou paran yon elèv ki gen andikap ki nan distri 75 pou transfere elèv yo nan lekòl kote yo abite kounye a (Seksyon III.B);

- Li dekri dwa elèv sanzabri genyen tankou bagay sa yo ak lòt ankò: depi elèv la fin rantre nan lekòl la, dwa li genyen pou rete nan lekòl la jiska dènye klas lekòl la rive a, si yon fanmi abite nan Vil Nouyòk, si yon elèv sanzabri vin rete yon kote anpèmanans andyò Vil Nouyòk, elèv la ka rete nan menm lekòl la pou rès ane kote elèv la vin rete yon kote anpèmanans andyò Vil Nouyòk la ak pou yon ane anplis si elèv la nan dènye ane nan lekòl la; yon elèv sanzabri gen dwa pou rete nan lekòl orijin lan, pase nan nivo pwochen klas la pandan li sanzabri, ansanm ak kamarad ki gen kay anpèmanans yo ak/oswa transfere nan yon diferan lekòl DOE pandan li sanzabri, menmsi elèv la demenaje pou ale nan yon lojman tanporè ki pa nan Vil Nouyòk (Seksyon III.A.2(g) & (h));
- Li dekri èd pou enskripsyon lekòl la dwe bay, tankou kontakte imedyatman dènye lekòl elèv la te ye a pou jwenn dosye akademik ki enpòtan ak lòt dosye (Seksyon III.B.2);
- Li klarifye dwa timoun sanzabri pou ale nan preskolè, menmsi yo pa gen dosye yo egzije nòmalman pou enskripsiyon, epi li dekri ke varyasyon nan efektif klas yo ka disponib nan pwogram pre-K distri yo pou akomode timoun sanzabri yo (Seksyon III.C.);
- Li klarifye lè pa gen lekòl sektè (zoned school) nan zòn elèv sanzabri a abite oswa lè zoned school la pa gen plas disponib, y ap mete elèv la nan lekòl ki twò chaje yo endike a oswa nan yon lòt lekòl ki tou pre a (Seksyon III.A.1.a (iv));
- Li klarifye pwosesis rezolisyon konfli ak pwosesis apèl la epi li dekri wòl STH Regional Manager la ak lyezon School-Based STH a jwe nan pwosesis sa a (Seksyon IV.A & B).
- Li klarifye elèv sanzabri yo dwe resevwa sèvis ak aksè nan aktivite akademik ki menm jan ak sa yo ofri elèv ki gen kay anpèmanans tankou aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm lan ak oryantasyon pou kolèj ak lòt ankò (Seksyon V.A);
- Li dekri dwa sou vi prive elèv sanzabri genyen, tankou pwoteksyon pou yo bay elèv k ap viv nan abri pou viktim vyolans domestik (Seksyon V.B);
- Li klarifye tout elèv sanzabri, ki nan klas preskolè jiska klas 12yèm ane elijib pou transpò gratis pandan peryòd yo pa gen kote pou rete a, jiska rès ane lekòl kote yo vin gen kote pou yo rete anpèmanans, ak pou yon ane anplis si elèv la nan dènye klas lekòl la rive a (Seksyon VII);
- Li di Biwo pou Transpò Elèv (Office of Pupil Transportation, "OPT") pral fè aranjman oswa pral bay otobis oswa yon lòt mòd transpò ki sanble avè l, ki pa transpò piblik, pou elèv sanzabri ki rete nan shelter nan klas K-6yèm ane, epi si yon paran elèv sanzabri ki nan yon shelter refize sèvis otobis jòn, elèv la ak, paran an si se ka a, rete elijib pou yon Metrocard (Seksyon VII.A);
- Li di, pou elèv sanzabri ki pa abite nan shelter epi ki nan klas K-6yèm ane oswa nan preskolè, school-Based Liaisons yo oswa STH Regional Managers yo pral kowòdone avèk OPT pou detèmine si gen yon wout otobis jòn ki disponib, si yo mande sa (sa vle di si gen yon wout apwopriye ki egziste pou ofri transpò sa a) oswa si yo ka jwenn yon transpò ki menm avè l, oswa yon lòt mòd transpò (Seksyon VII.B);
- Li di elèv sanzabri ki nan preskolè gen dwa pou transpò tou epi y ap resevwa swa transpò nan otobis jòn (si gen yon wout apwopriye ki egziste pou ofri transpò sa a) oswa, si yo depase kondisyon wotè pou monte gratis nan tren ak nan otobis lokal yo, jan yo tabli sa nan regleman

MTA yo, y ap resevwa yon Metrocard. Anplis, paran yo ap resevwa yon Metrocard (Seksyon VII.E);

- Li di pou elèv sanzabri ki nan klas K-6yèm ane ki resevwa yon Metrocard pou ale ak tounen lekòl, oswa ki ka vwaje gratis nan transpò biblik, paran yo elijib pou Metrocards pou yo ka akonpaye yo pou ale ak tounen lekòl (Seksyon VII.F);
- Li klarifye si yon fanmi sanzabri ale viv nan yon lojman pèmanan, Asistan Fanmi an oswa Lyezon School-Based STH Liaisons ta dwe enfòme paran yo pou di yo pitit yo gen dwa pou rete nan lekòl li ye a jiska dènye klas li rive a si li vin gen kay anpèmanans nan Vil Nouyòk, epi, si fanmi an vin demenaje nan Vil Nouyòk anpèmanans, pitit li gen dwa pou rete nan lekòl li ye kounye a jiska rès ane lekòl la ak yon ane anplis si se dènye ane elèv la nan lekòl la (Seksyon VIII);
- Li klarifye si elèv sanzabri yo vin gen kay anpèmanans, yo menm ak paran yo gen dwa pou resevwa transpò pou ale ak tounen lekòl, si sa aplikab, jiska fen ane lekòl la, ak yon ane anplis si se dènye ane elèv la nan lekòl la (Seksyon VIII); epi
- Li revize enfòmasyon sou kote paran yo jwenn repons pou kesyon yo genyen sou regleman sa a (Seksyon IX).



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-780

Sijè: ELÈV KI ABITE NAN LOJMAN TANPORÈ (STUDENTS IN TEMPORARY HOUSING, STH)

Kategori: ELÈV

Pibliye: madi jeudi 18 avril 2019

### REZIME

McKinney-Vento Homeless Assistance Act of 2001 ("McKinney-Vento Act"), jan Every Student Succeeds Act of 2015 ("ESSA") modifye l la, egzije pou yo garanti menm aksè pou timoun ak jèn sanzabri yo nan menm edikasyon publik gratis ki apwopriye yo bay timoun ki gen kay anpèmanans pou rete nan kominate a. Depatman Edikasyon vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) se Ajans edikasyon Lokal (Local Educational Agency, "LEA") ki gen responsabilite pou aplike ak kowòdone egzijans Lwa McKinney Vento a fè pou edikasyon yo ofri nan distri lekòl vil Nouyòk. Yo pa dwe izole elèv ki abite nan kay pou ti bout tan ak anviwònman regilye lekòl la, oswa kritike yo poutèt kote yo abite. Sèvis ak pwogram DOE ofri yo (tankou manje lekòl ak pwogram avan ak apre lekòl) ap disponib pou timoun ak jèn sanzabri, menm jan yo disponib pou timoun ak jèn ki gen kay anpèmanans pou rete yo.

### I. DEFINISYON

- A. **Timoun sanzabri**<sup>1</sup> vle di yon timoun, paegzanp yon elèv ki gen andikap, ki pa gen yon kay fiks, regilye ak konvenab pou l dòmi. Sa gen ladan timoun ki:
  - 1. abite avèk lòt moun akoz li pèdi kay li, poutèt pwoblèm lajan, oswa pou yon rezon parèy (ke yo rele tou "*doubled up*"), oswa viv nan yon motèl, yon otèl, yon tèren pou karavàn oswa anplasman pou *kan*, poutèt yo pa genyen lòt mwayen apwopriye pou akomode yo; oswa
  - 2. viv nan yon *shelter* pou ijans oswa pou fè tranzisyon, tankou yon shelter prive oswa leta sibvansyone ki fèt pou ofri akomodasyon pou viv pou yon ti tan (paegzanp otèl komèsyal, shelter ki rasanble anpil moun, pwogram kay pou viktim vyolans domestik ak lojman pou moun ki gen pwoblèm mantal fè tranzisyon); oswa
  - 3. abandone nan yon lopital; oswa

---

<sup>1</sup> Definisyon "sanzabri" nan regleman sa a se sèlman pou rezon aplikasyon McKinney-Vento Act, jan Every Student Succeeds Act modifye l la, epi yo pa sipoze itilize l pou bay okenn lòt dwa apre sa yo dekri nan lwa sa yo.

4. viv yon kote prive oswa publik ki pa fèt pou moun dòmi oswa ke yo pa itilize kòm yon kote pou dòmi regilyèman; oswa
  5. viv nan vвати, pak, pwopriyete publik, bilding abandone, kay ki an move eta, estasyon otobis oswa tren oswa anviwònman ki menm avèk yo.
- B. **Timoun ak elèv** - Tèm "timoun" oswa "elèv" se moun si yo te abite nan eta a, ki t ap gen dwa pou yon edikasyon gratis. Elèv gen ladan elèv preskolè ak elèv K-12, paegzanp elèv ki gen andikap, ant laj 3 ak 21 lane ki pa gradye nan lekòl segondè. Timoun ka gen ladan tou jèn ki san akonpayman, jan yo defini pi ba a.
- C. **Jèn ki san akonpayman** vle di yon jèn ki pa sou responsablitè fizik yon paran<sup>2</sup> ki satisfè definisyon sanzabri ki dekri pi wo a, tankou abite nan pwogram pou jèn ki sove kite kay paran ak jèn ki sanzabri ki abite nan sitiyasyon doubled up san yon adilt k ap pran swen jèn lan.
- D. **Lekòl orijin** vle di lekòl timoun lan te ye lè li te gen kay pèmanan oswa dènye lekòl kote timoun lan eans the school the child attended when permanently housed or the te ye, tankou yon lekòl preskolè epi li gen ladan lekòl yo endike k ap resevwa elèv la nan pwochen nivo klas la lè li soti nan lekòl orijinal la, si elèv la fini dènye klas lekòl orijinal la rive a pandan li te sanzabri.
- E. Lekòl adrès aktyèl vle di lekòl ki nan sektè yon elèv abite kounye a oswa lekòl kote lòt elèv k ap viv nan menm zòn avèk timoun lan kalifye pou ale.
- F. **Asistan fanmi** vle di estaf yo mete pou travay avèk shelter ak lekòl pou ofri elèv ak fanmi sanzabri èd. Asistan pou fanmi yo ede elèv yo enskri oswa transfere nan yon lekòl, jwenn asistans pou mwayen transpò ak lòt sèvis yo kalifye dapre Lwa McKinney-Vento.
- G. **Lyezon School-Based Student in Temporary Housing, "STH"** vle di moun nan bilding lekòl la ki asire sèvis yo respekte lwa McKinney-Vento, jan ESSA modifye I la.
- H. **Regional STH Manager** f referans ak lyezon pou sanzabri ki asire sèvis DOE ofri yo respekte lwa McKinney-Vento Act, jan ESSA modifye I la, epi li travay pou rezoud pwoblèm edikasyon moun ki pa gen kay pou rete lakoz.

## II. **IDANTIFIKASYON ELÈV SANZABRI**

- A. Lekòl yo ap afiche yon kote tout moun ka wè afich ki endike dwa timoun sanzabri genyen nan edikasyon yon fason ak fòm yo ka konprann epi bay enfòmasyon

---

<sup>2</sup> Tèm "paran", jan yo itilize paran nan règleman sa a vle di paran oswa responsab elèv la, oswa nenpòt moun ki sèvi kòm paran oswa responsab elèv la. Definisyon paran gen ladan: paran byolojik oswa paran adoptif, bopè-bèlmè, responsab legal, paran akèy ak "moun ki gen lyen paran" avèk yon timoun ki nan yon lekòl. Tèm "moun ki reprezante paran" an fè referans avèk yon moun ki pran swen yon timoun paske paran oswa responsab timoun sa a pa disponib, menmsi se paske, pami lòt bagay, lanmò, anprizònman, maladi mantal, pa rete nan eta a, oswa abandon timoun lan.

osijè Lyezon School-Based STH la. Pou lekòl yo jwenn lòt afich, yo ta dwe kontakte School-Based STH Liaison pa yo.

- B. Estaf lekòl ki vin okouran nenpòt elèv ki se sanzabri oswa ki ta ka yon elèv sanzabri epi ki bezwen asistans, ta dwe kontakte Lyezon School-Based STH .
- C. Depi estaf lekòl la vin okouran yon elèv sanzabri, estaf la pral bay elèv la oswa fanmi l Gid McKinney-Vento Act la pou paran, yon gid enfòmasyon ki fikse dwa debaz elèv sanzabri genyen (li nan regleman sa a kòm dokiman siplemantè No. 1). Gid sa a ap disponib nan biwo Lyezon School-based STH la ak nan biwo kowòdonatè paran yo epi li disponib tou sou entènèt nan: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/special-situations/students-in-temporary-housing>.
- D. Asistan pou fanmiy yo dwe bay tou nan shelter pou sanzabri yo dokiman ki rele Gid pou paran sou Lwa McKinney-Vento.
- E. Kesyonè sou lojman: Lekòl yo dwe bay tout elèv nouvo ak elèv ki chanje adrès pandan ane lekòl la kesyon sou lojman an (li nan regleman sa a kòm dokiman siplemantè No. 2). Lekòl yo dwe egzije fanmi yo ranpli fòm sa a epi mete enfòmasyon ke gen yon elèv sanzabri nan ATS nan paj ki gen enfòmasyon pèsonèl elèv la (BIOU) epi fè chanjman ki apwopriye yo. Kesyonè sou lojman an pral disponib nan lekòl yo nan biwo Lyezon School-based STH la ak nan biwo kowòdonatè paran yo epi li disponib tou sou entènèt nan: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/special-situations/students-in-temporary-housing>.
- F. Komite sou edikasyon espesyal preskolè (Committees on Preschool Special Education, CPSE) a dwe bay oswa fè yon lòt enstitisyon bay fanmi timoun yo rekòmande pou evaylasyon edikasyon espesyal la Kesyonè Lojman an, epi dwe oblige fanmi pou ranpli fòm sa a.

### **III. ENSKRIPSYON NAN LEKÒL**

Timoun ak jèn sanzabri dwe gen menm aksè nan menm edikasyon ngratis, tankou yon edikasyon preskolè piblik, menm jan ak lòt timoun ak jèn nan distri lekòl Vil Nouyòk, epi yo pa ka separe ak anviwònman prensipal lekòl la. Yo dwe enskri timoun ak jèn sanzabri yo lekòl menmsi yo rate delè aplikasyon oswa delè enskripsiyan an pandan nenpòt peryòd yo sanzabri a.

### A. Chwa lekòl

1. Yon elèv sanzabri distri lekòl vil Nouyòk se distri li, elijib pou ale nan lekòl sa yo:
  - a. Lekòl li te ye avan an (orijin) oswa lekòl ki nan zòn li abite kounye a.<sup>3</sup>
  - i. Elèv sanzabri yo suiv menm pwosedi admisyon yo menm jan ak elèv ki gen kay anpèmanans yo nan Vil Nouyòk, eksepte si yon elèv sanzabri pa gen dokiman ak dosye yo egzije nòmalman pou enskripsyon, yo dwe kanmenm pran elèv la imedyatman nan yon lekòl.
  - ii. Yon timoun sanzabri ka swa rete nan lekòl orijin li swa transfere nan yon nouvo lekòl kote li elijib pou l ale dapre nouvo adres tanporè li ye epi ki fè li satisfè kondisyon pou admisyon an, lè sa aplikab. Chwa osijè kote timoun lan pral lekòl, ki se, kit yon elèv sanzabri oswa non ap chanje lekòl oswa l ap rete nan lekòl orijin li, pral fèt sou baz "sa ki pi bon" pou elèv la. Yo pral sipoze lè yo kenbe timoun lan oswa jèn lan nan lekòl orijin lan se sa k ap pi bon pou timoun lan oswa jèn lan, eksepte si lè yo fè li depaman ak sa paran timoun lan mande, oswa nan ka yon jèn ki san akonpayman, jèn lan. Si elèv la rete nan lekòl orijin lan, apresa elèv la gen dwa pou ale nan, epi, si pa gen zoned school, li prale nan yon lekòl ki apwopriye.
  - iii. Lè DOE ap fè pi bon chwa a, yo dwe detèmine si chwa paran an oswa jèn lan (nan ka yon jèn ki san akonpayman) sou kote timoun oswa jèn sazabri a pral lekòl la konsistan avèk sa ki pi bon pou timoun lan oswa jèn lan lè yo:
    - sipoze si yo kenbe timoun oswa jèn sanzabri a nan lekòl li te ye deja a, se sa k ap pi bon pou timoun lan; ak
    - konsidere faktè ki santre sou elèv, tankou faktè ki gen rapò ak efè deplasman sou pwogrè, edikasyon, sante ak sekirite timoun lan oswa jèn lan, bay demand paran oswa responsab timoun lan oswa jèn lan priyorite (nan ka yon jèn ki san akonpayman), ansanm ak laj timoun lan ak ak plasman frè/s timoun lan nan lekòl.
  - iv. Si, apre DOE fin pran desizyon ki pi bon an ak konsidere faktè ki santre sou elèv la, detèmine li **pa** nan bon enterè elèv la pou l ale nan lekòl kote paran ap chèche a oswa (nan ka yon jèn ki san akonpayman) jèn lan, DOE dwe bay paran elèv la oswa jèn san akonpayman an, yon eksplikasyon alekri sou rezon desizyon an nan yon fason ak yon fòm paran an oswa jèn ki san akonpayman an ka konprann. Eksplikasyon alekri sa a dwe gen ladan tou enfòmasyon konsènan dwa pou ale ann apèl avèk desizyon an

---

<sup>3</sup> Jan yo defini l nan Seksyon I Regleman sa a, lekòl orijin vle di lekòl lekòl timoun lan te ale lè li te abite nan yon kay anpèmanans oswa dènye lekòl kote timoun lan te , ye a, paegzanp yon pwogram preskolè. Lekòl adrès aktyèl vle di lekòl ki nan sektè yon elèv abite kounye a oswa lekòl kote lòt elèv k ap viv nan menm zòn avèk timoun lan kalifye pou ale.

- epi yo dwe bay li atan. (Pou jwenn plis enfòmasyon sou rezolisyon konfli ak pwosesis pou ale ann apèl, gade Seksyon IV ki pi ba a.)
- v. Pandan y ap tann nenpòt apèl pou desizyon ki pi bon an, yo dwe enskri timoun lan oswa jèn lan nan lekòl kote paran an oswa jèn ki san akonpayman an vle ale a, depi gen plas disponib epi timoun lan oswa jèn lan satisfè kondisyon pou li elijib yo.
  - vi. Lekòl yo chwazi a dwe enskri timoun oswa jèn sanzabri a imedyatman, depi gen plas disponib epi elèv la satisfè kondisyon pou li elijib yo, menm si timoun lan oswa jèn lan pa ka bay dosye yo egzije nòmalman pou enskripsyon<sup>9</sup>paegzanp dosye vaksen, prèv adrès, batistè), menm si li rate delè aplikasyon oswa enskripsiyan an pandan peryòd li sanzabri a oswa menm si li dwe anpil frè. Yo dwe pèmèt timoun oswa jèn sanzabri a patisipe totalman nan aktivite lekòl la pandan I ap rasanble dokiman ki nesesè yo. Lekòl li prale a dwe tou kontakte imedyatman dènye lekòl elèv la te ye a pou jwenn dosye akademik ki enpòtan ak lòt dosye (Seksyon III.B.2);
  - b. Nan ka kote yon elèv ki gen andikap nan distri 75 oswa yo rekòmande I pou distri 75 epi paran an vle elèv la transfere nan yon lekòl kote li abite kounye a, se biwo pou plasman (District 75 Placement Office) k ap chwazi lekòl la. Si yon elèv sanzabri chanje lekòl pandan elèv la nan mitan pwosesis pou yon premye evalyasyon, yon evalyasyon anyèl oswa yon reevalyasyon Edikasyon espesyal, lekòl la dwe fin fè evalyasyon an oswa reevalyasyon an nan lekòl elèv la enskri nan moman an.
2. Dwa Elèv Sanzabri:
- a. Lè yon elèv sanzabri pa gen yon adrès pèmanan, sa pa yon rezon valab pou yo refize pran I nan yon lekòl. Elèv sanzabri gen dwa pou ale lekòl imedyatman nan distri lekòl Vil Nouyòk, depi gen plas disponib epi elèv la satisfè kondisyon pou li elijib, menmsi elèv la pa ka bay dokiman ak dosye yo egzije nòmalman pou enskripsiyan.
  - b. Yon elèv ki vin pa gen kay pou abite gen dwa pou transfere epi enskri nan yon lòt lekòl kote li satisfè kondisyon pou li elijib yo dapre Regleman Chanselye A-101 (CR A-101)
  - c. Li pa obligatwa pou elèv sanzabri ki nan lekòl segondè pwouve yon difikilte trajè oswa yon lòt difikilte avan li transfere ak ale nan yon lòt lekòl.<sup>4</sup>
  - d. Chwa pou konnen si yon elèv dwe rete nan lekòl orijin li oswa si pou I chanje lekòl ap disponib chak fwa yon elèv demenaje yon kote diferan pou yon ti tan.
  - e. Prezans regilye timoun sanzabri lekòl enpòtan anpil, epi lekòl la dwe fè tout efò li kapab pou asire elèv la prezan lekòl regilyèman. Si yon elèv prezan lekòl yon

<sup>4</sup> Transfè pou rezon trajè aplikab sèlman nan nivo lekòl segondè.

fason iregilye, lekòl la dwe kontakte paran I ak Asistan pou fanmi an ak/oswa Lyezon School-Based STH a (yo) pou jwenn sèvis ki ka nesesè, oswa si gen lòt aranjman yo ta ka fè pou lekòl.

- f. Yo dwe bay elèv ki pa transfere nan yon lekòl nan zòn li abite aktyèlman, asistans pou I toujou kontinye edikasyon I nan lekòl li te ye anvan an. Asistan Fanmi an, Lyezon School-Based STH oswa Lyezon pou transpò ki nan lekòl la dwe fè aranjman pou bay transpò (yo diskite I nan Seksyon VII), depi kondisyon sou elijiblite yo satisfè.
- g. Pou respekte dispozisyon CR A-101, yon elèv sanzabri, depi I fin rantre nan yon lekòl, ka rete nan lekòl sa a jiskaske dènye klas lekòl la rive a,, depi li toujou abite nan Vil nouyòk. Si yon elèv sanzabri ki nan yon lekòl DOE vin gen kay pou rete anpèmanans andeyò Vil Nouyòk, elèv la gen dwa pou rete nan menm lekòl la pou rès ane lekòl kote elèv la vin gen kay pou rete anpèmanans lan ak yon ane anplis si se dènye ane elèv la nan lekòl la.
- h. Dapre ESSA ak CR A-101, yon elèv sanzabri gen dwa pou rete nan lekòl orijin lan, li gen dwa ale nan pwochen nivo klas la ansanm ak elèv kamarad li gen kay pou rete anpèmanans yo, ak/oswa pou transfere nan yon lekòl DOE ki diferan pandan li sanzabri menm si elèv la demenaje pou rete nan lojman tanporè andeyò Vil Nouyòk.

B. Èd pou Enskripsyón

1. Asistan Fanmi yo, Kowòdonatè kominotè ak Lyezon School-Based STH yo pral ede paran yo nan enskripsyón lekòl dapre pwosedi ki nan CR A-101 epi ke Biwo enskripsyón elèv (Office of Student Enrollment, OSE) aplike. Yo ka refere elèv sanzabri, ansanm ak elèv ki gen andikap, ba Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center, FWC) pou enskripsyón nan lekòl oswa pou rezon transfè.
2. Lè y ap enskri elèv la, lekòl yo endike a **pral pran imedyatman** timoun oswa jèn sanzabri a, menm si timoun lan oswa jèn lan pa ka bay dosye yo egzije nòmalman pou enskripsyón, tankou; prèv adrès; dosye relvenòt/dosye lekòl; dosye vaksen oswa lòt dosye medikal; ak batistè. Lekòl li prale a dwe tou kontakte imedyatman dènye lekòl elèv la te ye a pou jwenn dosye akademik ki enpòtan ak lòt dosye (Seksyon III.B.2); Si yo pa ka jwenn dosye vaksen yo ak lòt dosye medikal, yo ta dwe refere paran an nan kolaborasyon avèk Lyezon School-Based STH a, nan yon klinik vaksen san randevou pou yo ka ede I. Si yo pa ka jwenn yon batistè oswa lòt dosye nan dènye lekòl li te ye a, Asistan Fanmi yo, Lyezon School-Based STH, ak lòt estaf lekòl pral ede paran oswa jèn ki san akonpayman jwenn dokiman sa yo.

C. Preskolè

Timoun sanzabri gen dwa pou ale imedyatman nan klas preskolè, depi sèvis sa yo disponib pou timoun ki gen kay pou rete anpèmanans nan distri a ak depi gen plas disponib, menm si timoun yo pa gen dosye yo egzije nòmalman pou enskripsyón (egzanpn dosye vaksen, prèv adrès, batistè). Yon varyasyon nan efektif klas ka disponib pou akomode yon timoun ki sanzabri nan yon saklklas pre-K yo ta ka konsidere ki ranpli. Elèv preskolè ki nan lojman tanporè gen dwa pou jwenn transpò. (Gade Seksyon VII ki pi ba a.)

**IV. PWOESIS POU REGLE DEZAKÒ AK PWOESIS POU ALE ANN APÈL**

A. Pwosesis pou regle dezakò

Nan ka kote yon elèv sanzabri oswa yon jèn san akonpayman, pa dakò avèk DOE konsènan si elèv la ta dwe rete nan lekòl orijin lan oswa transfere nan yon nouvo lekòl, sitiyasyon sanzabri elèv la oswa si elèv la gen dwa pou sèvis transpò, dispozisyon sa yo ap aplike:

1. Yo ta dwe fè tout efò pou rezoud konfli a san yo pa bezwen fè yon apèl fòmèl nan Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, "SED"). Pandan yon konfli ki konsène chwa lekòl, eliojiblite kòm sanzabri, oswa pwoblèm transpò, DOE dwe pran ak transpòte elèv la nan lekòl paran an dwazi a oswa nan ka yon jèn san akonpayman, jèn lan, depi elèv la satisfè kondisyon elijiblite yo epi depi gen plas disponib, pandan y ap tann rezolisyón final konfli a.
2. Si yo pa ka jwenn yon antant imedyatman, nan kolaborasyon avèk Lyezon School-Based STH la oswa Asistan fanmi an, yo ta dwe refere paran/elèv la ba Manadjè reyunonal STH la (oswa tit siksesè) ki pral envestige sikontans yo epi kontakte OSE

konsènan plasman nan lekòl ak Biwo transpò elèv (Office of Pupil Transportation, "OPT") konsènan transpò.

3. Si yo pa ka rezoud konfli a, Manadjè reyjonal STH la (oswa tit moun ki vini apre a) pral pran yon desizyon final alekri ak yon avi sou dwa pou ale ann apèl.  
B. Pwosesis Apèl ak Plasman pwovizwa nan yon lekòl
  1. Si paran/jèn lan di li vle ale ann apèl pou yon desizyon final Manadjè reyjonal STH (tit siksesè) pran konsènan plasman nan yon lekòl, elijiblite kòm sanzabri oswa transpò, jan yo dekri l pi wo a, yo pral mete elèv la imedyatman nan lekòl kote paran an oswa jèn ki san akaonpayman an chwazi a, depi gen plas disponib ak depi elèv la elijib pou ale nan lekòl sa a ak transpò, si yo ofri l oswa si yo mande, yo dwe bay li pou 30 jou pou pèmèt paran an oswa jèn lan ale ann apèl devan SED ak pandan y ap tann nenpòt apèl .
  2. STH Regional Manager a (oswa tit siksesè) a oswa Lyezon School-Based STH a ap ede paran/elèv la ranpli fòm apèl yo ("petisyon" an) epi l ap voye petisyon ki ranpli a ak nenpòt dokiman sipò ba SED nan espas 5 jou apre yo fin sèvi petisyon an. Si paran an fè apèl nan espas 30 jou desizyon final STH Regional Manager (oswa tit siksesè), elèv la ap rete/enskri nan lekòl paran an oswa jèn ki san akaonpayman an pandan y ap tann apèl la epi sèvis transpò yo pral kontimye. Si, nan konklizyon tout apèl ki disponib yo, chwa lekòl oriijinal paran an oswa jèn lan pa kenbe, yo ka egzije paran an oswa jèn lan chwazi yon lòt lekòl oswa distri pou li ale. Si paran an pa fè apèl nan 30 jou apre STH Regional Manager (oswa tit siksesè), fin pran desizyon final la, yo ka aplike desizyon plasman DOE a.
  3. STH Regional Manager (oswa tit siksesè) oswa Lyezon School-Based STH a pral:
    - a. bay paran an yon kopi f9m petisyon an pou fè apèl kont desizyon final STH Regional Manager (oswa tit siksesè) a pran an. Dokiman sa a disponib sou entènèt nan:  
<http://www.counsel.nysed.gov/common/counsel/files/homelessform-revised2016.pdf>; epi li disponib nan lòt lang ki pa anglè nan:  
<http://www.counsel.nysed.gov/appeals/homelessForms>;
    - b. ede paran/elèv ranp petisyon an;
    - c. fè kopi nesesè pou petisyon an ak nenpòt dokiman sipò; ak
    - d. transmèt petisyon an ak nenpòt dokiman sipò bay SED.STH Regional Manager (oswa moun kivin apre a) oswa Lyezon School-Based STH a pral aksepte sèvi petisyon an ak nenpòt dokiman sipò nan non DOE oswa fè aranjman pou sèvis ki apwopriye sou nenpòt akize yo site epi yo pral bay paran an oswa jèn lan (nan ka yon jèn ki san akaonpayman) prèv sèvis ak prèv ke STH Regional Manager a oswa Lyezon School-Based STH la te resevwa petisyon an ak nenpòt dokiman sipò epi yo pral voye dokiman sa yo ba SED.

**V. DWA ELÈV AK JOZOON SANZABRI AK SOZOONVIS KI KONPARAB**

Elèv ak jèn sanzabri ladan elèv ki gen andikap, dwe resevwa sèvis ki konparab ak sèvis yo ofri elèv ki gen kay pou abite anpèmanans nan lekòl, paegzanp sèvis edikasyon kote timoun lan ranpli kondisyon pou li elijib, tankou pwogram preskolè leta, pwogram pou elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learners, ELL), pwogram edikasyon pwofesyonèl ak teknik (career and technical education, CTE) pwogram pou elèv douwe ki gen talan (Gifted and talented, G&T), pwogram avan ak aprelekòl ak pwogram manje lekòl, men sepandan si espas nan yon pwogram patikilye limite pou tout elèv, yo p ap fè eksepsyon pou elèv sanzabri epi y ap trete elèv sa yo menm jan ak kamarad yo ki gen kay pou rete anpèmanans, eksepte pou pwogram preskolè leta yo, jan yo dekri yo pi wo a (gade seksyon III.C), ka nan kèk sikostans jwenn yon varyasyon nan efektif klas pou akomode yon timoun sanzabri nan yon salklas pre-K yo ta konsidere ki ranpli. Si pwogram oswa lekòl yo mande a pa gen plas disponib, elèv sanzabri a prale nan lekòl ki chaje elèv la oswa nan yon lòt lekòl ki nan zòn lan.

- A. Aksè nan aktivite akademik ak aktivite anplis ki pa fè pati kourikoulòm lan ak oryantasyon pou kolèj
  - 1. Elèv sanzabri dwe resevwa kredi total oswa pasyèl ki apwopriye pou travay pwojè li fè pandan li te nan yon lekòl avan.
  - 2. Elèv sanzabri yo pa dwe gen difikilte pou jwenn aksè nan aktivite ki pa fè pati kourikoulòm lan, depi yo ranpli kondisyon enpòtan yo, tankou lekòl magnet, lekòl ete, CTE ak kou plasman avanse (advanced placement, AP).
  - 3. Yo pa ka anpeche elèv sanzabri rantre nan lekòl oswa pwogram akoz gwo frè, amand oswa absans.
  - 4. Konseye lekòl yo ak estaf la dwe bay elèv sanzabri yo zouti ak konsèy pou amelyore preparasyon yo pou kolèj, tankou oryantasyon konsènan chwa kolèj, pwosesis aplikasyon an, èd finansye ak sipò lè yo sou campus.

B. Dwa sou Vi prive elèv sanzabri

- 1. Enfòmasyon sou sitiyasyon yon elèv sanzabri ap viv se dosye akademik yon elèv epi li gen pwoteksyon Lwa edikasyon sou dwa ak respè vi prive (Family Educational Rights and Privacy Act, "FERPA"). DOE pa ka divilge adrès kote elèv rete pou yon titan ni sou sitiyasyon lojman tanporè elèv la ba yon lòt antite san konsantman paran an (oswa nan ka yon jèn ki san akonpayman, jèn lan), sofsi gen yon eksepsyon FERPA ki aplike.
- 2. Si yon elèv abite nan yon Shelter pou moun ki viktim vyolans domestik, adrès shelter sa dwe rete konfidansyèl epi yo p ap mete l nan sistèm ATS la.

**VI. ELIJIBLITE TIMOUN AK JÈN SANZABRI POU MANJE**

Elèv ki abite nan lojman tanporè elijib pou resevwa manje lekòl gratis.

**VII. MWAYEN TRANSPÒ**

Tout elèv sanzabri ki nan klas preskol rive 12yèm ane, tankou elèv k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, fè eksepsyon pou kondisyon laj ak distans epi yo elijib pou transpò gratis

pandan peryòd yo sanzabri a, rive rès ane lekòl kote yo vin gen kay pou yo rete anpèmanans lan ak pou yon ane aplis si se dènye klas elèv la nan lekòl la.

- A. Biwo transpò elèc (Office of Pupil Transportation, "OPT") pral fè aranjman oswa yo pral ofri otobis oswa yon lòt mòd transpò ki sanble avèk li, ki pa transpò piblik, pou elèv sanzabri ki abite nan shelters nan klas K-6yèm ane. Si paran yon elèv sanzabri ki nan yon shelter refize sèvis otobis jòn yo, elèv la ak paran an, toujou elijib pou yon Metrocard, jan yo dekri l pi ba a, si sa aplikab.
- B. Pou elèv sanzabri ki pa abite nan shelter (paegzanp ki abite ak lòt moun akoz yo pèdi kay yo, difikilte ekonomik oswa yon rezon parèy) ki nan klas K-6yèm ane oswa nan preskolè, school-Based Liaisons yo oswa STH Regional Managers yo pral kowòdone avèk OPT pou detèmine si gen yon wout otobis jòn ki disponib, si yo mande sa (sa vle di si gen yon wout apwopriye ki egziste pou ofri transpò sa a) oswa si yo ka jwenn yon transpò ki menm avèk li, oswa yon lòt mòd transpò.
- C. Si yo pa fè aranjman oswa bay sèvis otobis jòn pou yon elèv sanzabri, estaf lekòl la ta dwe kontakte Asistan pou fanmi ak/oswa Lyezon School-Based STH pou jwenn èd.
- D. Elèv STH ki pa resevwa transpò nan otobis jòn elijib pou yon Metrocard pou trajè konplè kèleswa laj yo oswa distans kote yo abite pou yon ti bout tan an ak lekòl yo.
- E. Elèv preskolè yo gen dwa tou pou transpò epi y ap resevwa swa transpò nan otobis jòn (si gen yon wout apwopriye ki egziste pou ofri transpò sa a) oswa, si yo depase kondisyon wotè pou monte gratis nan tren ak nan otobis lokal yo, jan yo tabli sa nan regleman MTA yo, y ap resevwa yon Metrocard. Anplis, paran yo ap resevwa yon Metrocard.
- F. Pou elèv sanzabri ki nan klas K-6yèm ane ki resevwa yon Metrocard pou ale ak tounen lekòl, oswa ki ka vwayaje gratis nan transpò piblik, paran yo elijib pou Metrocards pou yo ka akonpaye yo pou ale ak tounen lekòl.
- G. Si elèv la ap enskri nan yon nouvo lekòl, epi IEP a rekòmande mwayen transpò espesyal, lekòl la ap kontakte OPT pou fè aranjman pou mwayen transpò. Si elèv la chanje adrès li, epi rete nan menm lekòl la, lekòl la gen responsablite mete nouvo adrès elèv la nan ATS. Depi yo fè chanjman an nan ATS, OPT ap fè aranjman pou nouvo wout otobis la nan espas 5 jou lekòl. Lyezon School-Based STH la ap koòdone avèk OPT pou fè aranjman pou nouvo wout otobis la. Nan sitiyasyon elèv sanzabri ki transfere nan yon diferan pwogram Distri 75, pwogram tout Vil la, manm pèsonèl ki responsab plasman nan Distri 75, ap fè aranjman pou plasman ak/oswa mwayen transpò.

### **VIII. SÈVIS POU FANMI LÈ Y AP DEPLASE POU AL VIV NAN YON LOJMAN ANPÈMANANS**

Asistan pou fanmi ak/oswa Lyezon school-Based STH a ta dwe rankontre tou avèk fanmi ki abite nan yon shelter Depatman pou Sèvis moun sanzabri (Department of Homeless Services, DHS) anvan fanmi sa yo demenaje pou ale nan yon lojman anpèmanans pou garanti yon tranzisyon san pwoblèm. Fanmi nan yon lojman tanporè ki pa abite nan shelter DHS ki bezwen asistans lè y ap demenaje pou ale nan yon lojman anpèpamans, ta dwe kontakte STH Regional Manager a oswa lyezon School-Based STH a Y ap fè paran yo konnen pitit yo gen dwa pou rete nan lekòl yo ye nan moman an jiskaske yo rive nan

dènye klas nan lekòl la si yo vin gen kay pou rete anpèmanans nan Vil Nouyòk. Si yon fanmi vin gen kay pou rete anpèmanans nan Vil nouyòk, y ap fè paran yo konnen ptit yo gen dwa pou rete nan lekòl yo ye nan moman an jiska rès ane lekòl la ak yon ane anplis si se dènye klas elèv la nan lekòl la. Konsènan transpò, lè elèv sanzabri vin gen kay pou rete anpèmanans, yo menm ak paran yo gen dwa pou resevwa transpò pou ale ak tounen lekòl, si sa aplikab, jiska fen ane lekòl la, ak yon ane anplis si se dènye ane elèv la nan lekòl la. Apresa, yo gen dwa nan menm regleman sou elijiblite pou transpò ak elèv ki ki pa sanzabri, jan yo di sa nan CR A-801

**IX. DEMAND RANSÈYMAN**

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, voye yo bay:

Office of Community Schools

Students in Temporary Housing

N.Y.C. Department of Education

52 Chambers Street – Room 3M

New York, NY 10007

Telefòn: 718-828-2208

Imèl: [STHinfo@schools.nyc.gov](mailto:STHinfo@schools.nyc.gov)

**LWA MCKINNEY-VENTO POU EDE ELÈV SANZABRI**

**Elèv k ap viv nan yon lojman tanporè (Students in Temporary Housing, STH) – Gid pou paran ak jèn**

SIJÈ	ENFÒMASYON ENPÒTAN
<b>Yo konsidere timoun k ap viv nan sitiyasyon sa yo kòm sanzabri nan objektif dwa pou edikasyon dapre Lwa McKinney-Vento:</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Nan yon <i>shelter</i>, <i>shelter</i> pou tranzisyon, motèl, sou yon teren camping, abandone nan yon lopital.</li> <li>Nan yon machin, pak, plas piblik, otobis, tren, oswa biling abandone.</li> <li>Ki abite ka zanmi oswa fanmi poutèt li pa ka jwenn oswa peye yon kay.</li> </ul>
<b>Jèn k ap viv poukонт yo</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Jenn ki pa sou kont fizik yon paran oswa responsab epi ki satisfè fason yo defini mo sanzabri nan eksplikasyon ki pi wo a. <i>Jèn sanzabri k ap viv poukонт yo gen menm dwa avèk jèn sanzabri k ap viv avèk yon paran oswa yon responsab.</i></li> </ul>
<b>Elèv ki nan kategori ki koresponn avèk jan yo defini sanzabri dapre Lwa McKinney-Vento a, gen dwa sa yo:</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Yon edikasyon leta gratis.</li> <li>Pou yo pran elèv la imedyatman nan lekòl sektè/zòn li depi gen plas.</li> <li>Ale lekòl kèleswa kantite tan y ap viv nan adrès yo abite pou moman an.</li> <li>Rete nan lekòl yo te ye avan an (lekòl yo te ye avan yo vin pa gen kote pou rete a oswa dènye lekòl yo te konn ale a) oswa deside ale nan nouvo lekòl sektè yo fèk abite a.</li> <li>Sèvis transpò pou alevini ant lakay yo ak lekòl.</li> <li>Pou yo pa refize admèt yo lekòl imedyatman jis poutèt sitiyasyon yo oswa poutèt yo pa gen dokiman yo mande pou enskripsyon.</li> <li>Pou yo pa mete yo apa nan lòt pwogram ki pa pwogram regilye lekòl la poutèt yo se sanzabri.</li> <li>Resevwa manje lekòl gratis.</li> </ul>
<b>Enfòmasyon enpòtan:</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Chak borough gen omwen yon Manadjè jeneral pou elèv ki nan lojman tanporè (STH), ki sèvi kòm lyezon STH, epi ki jere pwogram ak sèvis ki fèt pou ede timoun sanzabri kontinye edikasyon yo. Manadjè reyjonal pou STH la sipèvize yon ekip Asistan pou fanmi. Ou ka jwenn enfòmasyon sou Espesyalis sa yo <a href="#">la a<sup>1</sup></a>.</li> <li>Chak lekòl gen yon lyezon nan lekòl la ki travay dirèkteman nan lekòl la pou ede STH.</li> <li>Gen kék lekòl ki gen yon Kowòdonatè kominate SHT ki ede elèv.</li> <li>Anplis, Distri 75 ak Distri 79 genyen chak yon Lyezon STH patikilye ki disponib pou ede timoun sanzabri pou bezwen edikasyon yo.</li> <li>Asistan pou fanmi yo nan <i>shelter</i> ak nan kék lekòl. Yo gen responsablite ede paran sanzabri ak pitit yo pou bezwen edikasyon yo.</li> <li>Asistan pou fanmi yo disponib pou ede paran fè enskripsiyo pitit yo lekòl, fè yo pran vaksen, jwenn dosye lekòl, epi fè aranjman pou mwayen transpò alevini ant lakay ak lekòl. Estaf lekòl la pa dwe ezite kontakte lyezon ki nan lekòl yo oswa kowòdonatè kominoteyo, oswa manadjè jeneral yo, pou poze kesyon patikilye, pou fè aranjman pou trening, oswa pou ede jèn k ap viv poukонт yo.</li> </ul>
<b>Chwa lekòl:</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Lekòl yo dwe pèmèt paran chwazi lekòl pou pitit yo lè pitit yo pa gen kote pou yo rete. Paran an ka chwazi pami bagay sa yo:             <ol style="list-style-type: none"> <li>Lekòl timoun lan te ale lè I te gen yon kay fiks (lekòl orijin lan);</li> <li>Dènye lekòl elèv la te ye a; oswa</li> <li>Nenpòt lekòl ki disponib pou yon timoun ki gen lojman pèmanan nan zòn kote elèv sanzabri a abite pou kounye a, depi timoun lan satisfè kondisyon elijiblité yo epi gen plas disponib.</li> </ol> </li> </ul>
<b>Enskripsiyo nan lekòl:</b> <b>(Se si sèlman pitit ou a pa nan yon lekòl oswa si ou vle chanje l lekòl)</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Lekòl primè al lekòl presegondè – si w gen yon lekòl ki pou sektè zòn ou an, ou ka antre nan lekòl la nenpòt lè nan ane a. Si w pa gen yon lekòl ki pou sektè ou abite a, oswa si w ta renmen konsidere lòt opsyon pou pitit ou a, ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi. Pou w jwenn adrès Sant byenveni pou fanmi yo, tanpri telephone 311.</li> <li>Lekòl segondè – tout elèv lekòl segondè dwe enskri nan Sant byenveni pou fanmi an.</li> <li>Si w abite nan yon <i>shelter</i> Depatman sèvis sanzabri Vil Nouyòk, asistan pou fanmi nan <i>shelter</i> ou abite a ap ka ede w, si w bezwen. Si pa gen asistan fanmi nan <i>shelter</i> w la oswa si w pa abite nan yon <i>shelter</i>, tanpri kontakte manadjè reyjonal STH ou a pou l ede w.</li> </ul>
<b>Pwoblèm onivo enskripsiyo:</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Si vin gen yon diskisyon osijè lekòl yo voye elèv la, elèv la dwe rete nan lekòl orijin lan oswa lekòl yo transfere la, pitit ou a dwe enskri pwovizwaman nan lekòl kote y ap chèche mete l la, ann atandan pwoblèm lan rezoud.</li> <li>Lekòl la dwe ekri paran an pou eksplike desizyon yo pran sou pwoblèm lan, tankou dwa paran an pou l ale ann apèl, epi rekòmande l ba Asistan pou fanmi STH la, bay lyezon STH nan lekòl la, oswa bay manadjè reyjonal la pou ede l.</li> </ul>
<b>Mwayen transpò</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elèv ki nan kategori ki koresponn avèk jan Lwa McKinney-Vento a defini sanzabri, gen dwa pou mwayen transpò alevini ant lakay yo ak lekòl, si l nesesè. Si gen otobis ki disponib, y ap ofri elèv ki nan klas Kindergarten jiska klas 6yèm ane transpò nan otobis, si pa genyen ki disponib, y ap elijib pou <i>Metro Card</i> pou.</li> <li>Pou elèv nan klas Pre-K jiska klas 6yèm ane ki elijib pou mwayen transpò, epi ki resevwa yon MetroCard elèv, paran yo elijib pou mwayen transpò piblik (<i>MetroCard</i>) pou mennen pitit yo lekòl.</li> <li>Elèv ki nan klas 7–12 elijib pou <i>MetroCard</i> elèv.</li> </ul>

**Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte lyezon STH nan borough w la oswa rele 311.**

19/06/2019

<sup>1</sup> [A-101 Dokiman siplemantè 5 - Deklarasyon emansipasyon-Afiche 1ye mas 18.docx](#)

Paran/Responsab/Elèv:

Fòm sa a la pou konsidere Lwa McKinney-Vento 42 U.S.C. 11435, epi yo dwe ranpli l pou chak elèv.

**Enfòmasyon w bay yo rete konfidansyèl.** Yo pa p fè okenn diskriminasyon kont pitit ou a akoz enfòmasyon w ap bay yo.

Tanpri reponn kesyon sa yo konsènan kay kote elèv la rete a pou yo ka deside ki sèvis elèv la ta ka kalifye pou resevwa.

**Remak pou lekòl yo/Lyezon nan lojman pou ti bout tan yo:** Tanpri ede elèv ak fanmi yo ranpli fòm sa a. Pa sèlman mete fòm sa a nan pake dokiman enskripsiyan an paske si elèv la kalifye kòm yon moun ki abite nan yon lojman tanporè, elèv la pa p oblige soumettè prèv adrès ak lòt dokiman obligatwa ki ta ka nan pake dokiman enskripsiyan an. Distri a pa ka divilge okenn enfòmasyon sou kondisyon lojman elèv san konsantman paran.

Non ak enfòmasyon elèv la:

Siyati	Non	inisyal
Nimewo OSIS	Dat nesans (mwa/jou/ane)	Lekòl

**Tanpri fè konnen kijan elèv la ap viv aktyèlman. Tanpri tcheke yon kazyé:**

Tcheke(✓)	Chwa kesyonè sou lojman	(Se lekòl k ap itilize pati sa a) Kòd ATS
	<b>Abite ak yon moun (Doubled-up)</b> - Avèk yon lòt fanmi oswa yon lòt moun poutèt li pèdi kay li oswa poutèt li gen pwoblèm lajan	<b>D</b>
	<b>Abri (Shelter)</b> - Shelter pou ka ijans oswa shelter pou tranzisyon annatandan	<b>S</b>
	<b>Otèl/motèl</b> - Ap viv yon kote ki PA yon shelter pou ka ijans ni shelter pou tranzisyon epi li peye pou sa	<b>H.</b>
	<b>Lòt sitiayson lojman tanporè</b> - Sou teren pou trelè, teren pou kan, nan machin, nan pak, sou plas publik, nan biling abandone, nan lari, oswa nenpòt lòt kote moun pa ta sipoze ap viv	<b>T</b>
	<b>Lojman pèmanan</b> - Elèv ki abite nan yon kay fiks, regilye ak sitiayson lojman ki konvenab	<b>P</b>

**Si elèv la PA abite nan yon lojman pèmanan, fè konnen tou si sitiayson pi ba yo konsène l:**

	Jèn k ap viv poukонт yo - Jèn ki pa sou responsabilite yon paran oswa yon responsab sou plan fizik	(Pati sa a rezève pou moun nan lekòl la) Antre "Y" si li aplikab
--	--	--

Non paran/responsab (ekri byen klè)

Siyati paran/responsab

Dat

**Tanpri voye fòm sa a tounen nan lekòl pitit ou a jan yo mande sa a.**

**Sonje:** Repons ou bay pi wo a pral ede yo deside ki sèvis oumenm oswa pitit ou a ta kalifye pou resevwa dapre Lwa McKinney-Vento. Elèv ki sou pwoteksyon Lwa a, gen dwa pou yo rantre imedyatman lekòl menmsi yo pa gen dokiman yo ta bezwen genyen nòmalman, tankou prèv sou kote yo abite, dosye lekòl, dosye vaksinasyon, oswa batistè. Apre elèv la fin enskri, nouvo lekòl la dwe kontakte lekòl elèv la te ye avan an pou mande dosye edikasyon I, ladan, dosye vaksen, ak lyezon pou elèv nan lojman tanporè (STH) la(yo) dwe ede elèv la jwenn tout lòt dokiman nesesè yo oswa dosye vaksen yo. Elèv ki sou pwoteksyon Lwa McKinney-Vento ka gen dwa tou pou jwenn mwayer transpò gratis ak lòt sèvis. Tanpri li CR A-780.

**Fòm sa a vini ak yon dokiman siplemantè yon paj ki gen tit:** Lwa McKinney-Vento pou ede elèv sanzabri – Gid pou paran ak jèn sou elèv ki nan lojman tanporè (Students in Temporary Housing, STH)".